



VIL BOSTON • MASACHOUSÈT

BIWO MAJISTRA A
THOMAS M. MENINO

Èske ou bezwen èd pou jwenn manm fanmi w' Ayiti?

- Sant Operasyon Depatman Deta a [State Department Operations Center] tabli nimewo sila a pou moun k'ap chèche enfòmasyon sou manm fanmi ki rete Ayiti: 1-888-407-4747. Peze zewo (0) pou pale ak yon reprezantan sèvis kliyantèl.
- Moun ki bezwen antre an kontak ak fanmi yo ki annayiti apre tranblemanntè ya, ale nan <http://www.icrc.org/familylinks>
- Epitou Mezon Blanch la voye moun sou www.whitehouse.gov pou enfòmasyon jeneral sou tranblemanntè a ak inisyativ sekou nan peyi Dayiti.

Èske w'ap chèche yon jan pou ede?

Bezwen imedyà a se pou lajan yon òganizasyon sekou byen tabli kapab itilize pou pi byen ede viktim tranblemanntè devastatè a. Vizite www.interaction.org pou jwenn yon lis òganizasyon kredib k'ap reponn a ijans entènasyonal. Men kèk òganizasyon ki gen bon repitasyon:

- Partners in Health: www.pih.org
- Lakwa Wouj Entènasyonal [International Red Cross]: www.redcross.org oubyen voye yon tèks ki di "HAITI" nan "90999" pou bay \$10 y'ap mete sou bil telefòn selilè w'.
- Catholic Relief Services: www.crs.org
- Epitou Majistra Thomas M. Menino tabli yon Fon Sekou pou Fanmi Ayisyen [Haitian Family Relief Fund] nan Bank of America kote rezidan yo kapab bay lajan pou soutni inisyativ sekou pou fanmi nan Boston tranblemanntè a afekte. Ou kapab bay lajan atravè The Fund for Boston Neighborhoods, Inc. nan Meri Boston oubyen nan sikisal Bank of America yo nan Boston.
- W k'ab jwenn plis fason pou ede atravè Enfòmasyon Sant Entènasyonal pou Dezas (www.cidi.org) oswa sit entènèt entèaktif (You ès a i d) USAID ki gen yon lis òganizasyon ki pa nan gouvènman ansanm ak enstriksyon sou kouman pou ede: www.usaid.gov
- (Èf bi ay) FBI bay avètisman pou moun fè atansyon ak frod ak koudba nan sit entènèt: <http://www.fbi.gov/cyberinvest/escams.htm>

Èske ou bezwen plis asistans?

Majistra Thomas M. Menino, ansanm ak kèk eli lokal, SEIU Local 1199, lopital ak sant sante lokal, depatman nan vil la, ak òganizasyon kominotè pwal ouvri yon Sant Referans ak Soutyen [Referral and Support Center] **Libreri Kinan Mattapan (Mattapan Public Library) nan 1350 Blue Hill Ave., Mattapan, MA 02126** .Sant la epi l'ap ofri liy telefòn ak aksè a òdinatè pou ede jwenn fanmi ak zanmi nan peyi Dayiti. Ap gen entèprèt disponib ansanm avèk soutyen konsèy ak asistans ki lye ak sèvis ki nesèsè yo. Sant la pwal fonksyone:

Jedi, 1/21/10, 1PM – 7PM

Dimanch, 1/24/10, Femin

Vandredi, 1/22/10, 1PM – 7PM

Lindi, 1/25/10 - Vandredi, 1/29/10, 1PM – 7PM

Samdi, 1/23/10, 12PM – 5PM

Samdi, 1/30/10, 12PM – 5PM

Konsèy pou okipe tèt ou ak fanmi w' pandan tan difisil sa yo

- Soutni youn lòt. Paran ak moun k'ap bay swen dwe pran tan pale ansanm epi jwenn jan pou reponn a bezwen youn lòt.
- Siveye konvèsasyon granmoun. Fè atansyon a sa granmoun ap di sou tranblemanntè a oubyen donmaj la. Timoun koute konvèsasyon granmoun epi yo gen dwa mal entèprete sa yo tande, sa k'ap fè yo pè san nesèsite.
- Limite kontak ak medya. Pwoteje pitit ou kont twòp imaj ak deskripsyon tranblemanntè a, sa enkli sa ki nan televizyon, sou Entènèt, nan radyo, ak nan jounal.
- Rasire timoun yo ke yo an sekirite.
- Okipe tèt ou fizikman. Manje yon manyè ki sen, dòmi kont ou, bwè anpil dlo, epi pran bon swen medikal.